

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra téh mangrupa hasil kréativitas manusa anu prosés sarta hasilna bisa méré kani'matan atawa kasenangan éstétis dina ngaprésiasi jeung nyiptakeunana. Kamekaran sastra Sunda dina kahirupan henteu leupas tina rupa-rupa faktor anu mangaruhanna, salasihijina nyaéta kahayang sarta karesep masarakat kana karya sastra. Kawih téh mangrupa salasihiji karya sastra nu gumelar ngaliwatan lisan. Disebut karya sastra lisan lantaran mekarna, tumuwuhna, jeung sumebarna ngaliwatan media lisan (ucapan).

Istilah kawih ti baheula geus sering disebut-sebut ku urang Sunda, diantarana nu ditulis dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (Ruhaliah, 2012, kc. 11). Jadi, istilah kawih digunakeun dina sabudereun taun 1518 Maséhi. Fungsina kawih téh pikeun hiburan, ngungkabkeun rasa, ngawanohkeun jeung ngajéntrékeun ngeunaan hiji hal, misalna nu ngajéntrékeun kaayaan hiji tempat, kadaharan has Sunda, jeung tangtungan.

Dina Kamus Basa Sunda (Danadibrata, 2006, kc. 328) disebutkeun yén kawih nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh. Kawih téh lalaguan Sunda anu bébas, anu henteu kauger ku aturan pupuh, boh laguna, boh rumpakana. Dina kawih tangtu aya rumpaka. Rumpaka téh nyaéta nu biasa disebut téks lagu sarua jeung *lirik* (Ind.). Rumpaka mangrupa hal anu kalintang pentingna, lantaran dina rumpaka, bisa kaébréhkeun eusi lagu ngaliwatan basa. Neuleuman eusi rumpaka ngaliwatan haleuang tangtu leuwih ni'mat tur bisa jadi salasihiji cara pikeun ngawanohkeun kawih.

Masih loba nonoman Sunda nu teu mikawanoh kana kawih Sunda. Ieu hal téh disababkeun ku pangaruh budaya deungeun anu leuwih gancang mangaruhan barudak. Ku kituna, pikeun ngungkulan éta hal kawih perlu diwanohkeun deui ku cara ngayakeun panalungtikan anu medar ngeunaan struktur-semiotik anu nyampak dina kawih. Ieu hal téh mangrupa salasihiji tarékah pikeun mekarkeun

jeung ngamumulé budaya Sunda ulah nepi ka teu dipikanyaho ku nonoman Sunda kiwari.

Nurutkeun pamadegan Hill dina Yayuk (2013, kc. 59) nétélakeun yén karya sastra mangrupa struktur kompléks. Ku kituna dina maham karya sastra bisa ngaliwatan analisis kana struktur éta karya sastra. Kawih kaasup karya sastra dina wangun puisi anu mangrupa hiji struktur nu diwangun ku rupa-rupa unsur jeung sarana anu puitis (Pradopo, 2010, kc. 1). Ku kituna kawih bisa diulik struktur jeung unsur-unsurna. Analisis struktur ngaguar unsur-unsur anu ngawangun éta kawih. Tapi saupama nu diulikna saukur strukturna wungkul, bakal ngabalukarkeun kakosongan ma'na dina éta karya. Ku kituna sabada ngulik struktur puisi diperlukeun ogé ulikan kana ma'nana, nyaéta ulikan semiotik, sabab karya sastra mangrupa sistem tanda anu miboga ma'na (Pradopo, 2010, kc. 20). Jadi, ku jalan analisis struktur jeung semiotik, salian ti maham kana fungsi éstétik tina unggal unsur-unsur anu ngawangunna, ma'na dina éta karya ogé bakal kapanggih.

Dina ieu panalungtikan nu ditalungtik téh rumpaka kawih nu jejerna kadaharan Sunda. Kadaharan has Jawa Barat (Sunda) kacida réana sarta tiap jenis kadaharan téh miboga cita rasa anu mangrupa-rupa. Lian ti kitu, bahanna, bentukna, cara nyieunna jeung cara penyajian tiap kadaharan téh miboga ciri nu mandiri. Ampir tiap daérah di Jawa Barat boga kadaharan has. Saperti peuyeum ti Bandung, ti Sumedang aya tahu, galéndo ti Ciamis, tauco ti Cianjur, jeung dodol Picnic ti Garut. Ku rupa-rupana jenis kadaharan Sunda éta jadi inspirasi keur para seniman Jawa Barat pikeun nyiptakeun kawih-kawih ngeunaan kadaharan has ti hiji daérah di Jawa Barat.

Ti baheula nepi ka kiwari kawih anu jejerna ngeunaan kadaharan Sunda geus loba diciptakeun ku para seniman. Di antarana lagu “Tauco Cianjur” anu pernah dipopulérkeun ku juru kawih Upit Sarimanah. “Peuyeum Bandung” jeung “Borondong Garing” mangrupa kawih jaman baheula anu masih sering dihaleuangkeun ku para juru kawih ti baheula nepi kiwari. Anu kaayeunakeun mah misalna lagu “Surabi Haneut” anu dipopulérkeun ku Bungsu Bandung, “Karédok Leunca” dipopulérkeun ku Rika Rafika. Lagu-lagu éta kaasup populér sarta loba dipikaresep ku pecinta musik pop Sunda. Malahan aya hiji Band rumaja

aliran Pop & Rock Jepang nyaéta Jafunisun ngarilis lagu maké basa Sunda anu judulna “Tahu Sumedang”.

Rumpaka kawih kadaharan Sunda dipilih, lantaran ditempo tina sababaraha faktor, di antarana, galindeng musikna éndah tur geunah kadéngéna, gampang diinget lantaran eusina ngabahas ngeunaan kadaharan, ngandung pangaweruh ngeunaan jenis-jenis kadaharan has Sunda, saperti aya anu nyabit-nyabit ngeunaan bahan-bahan, cara nyieunna, jeung rasana.

Hasil panalungtikan ngeunaan kawih kadaharan Sunda ieu bisa dijieun bahan ajar pikeun pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMP. Jadi salasahiji tarékah pikeun ngariksa sarta ngamumulé karya sastra umumna kawih téh ku cara nalungtik eusina.

Dina *Repository* UPI, aya sababaraha panalungtikan ngeunaan kawih, diantaranya “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang (Ulukan Struktural, Semiotik, jeung Ajén Moral)” panalungtikan Niknik Dewi Permanik (2013), “Pendekatan A Cappella dalam Pembelajaran Kawih untuk Meningkatkan Kreativitas Siswa SMPN 1 Karawang Timur” panalungtikan Yudi Wahyudi Widiana ti Program Studi Seni Pascasarjana (2013), “Wangun jeung Hubungan Semantis Antarklausa Kalimah Ngantét dina Rumpaka Kawih Sunda” panalungtikan Jajat (2012), jeung “Rumpaka Kawih Kliningan Gamelan Klasik Cich Cangkurileung (Tilikan Struktural, Semiotik, jeung Étnopedagogik)” panalungtikan Dimas Patria (2016). Tacan kapaluruh aya panalungtikan pikeun kawih Sunda anu jejerna kadaharan, ku kituna, panalungtik kataji pikeun nalungtik rumpaka kawih ngaliwatan ulikan struktural jeung semiotik, sarta bahan pangajaran sastra di SMP. Kalawan judul panalungtikan “*Ulukan Struktural Jeung Semiotik Rumpaka Kawih Sunda Anu Jejerna Kadaharan Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP*”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, ieu di handap dipedar ngeunaan watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

### 1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan baris maluruh ngeunaan rumpaka kawih anu jejerna kadaharan Sunda. Supaya teu lega teuing ambahanna, watesan masalah dina ieu panalungtikan nyoko kana struktur puisi sarta ulikan semiotik-na dina rumpaka kawih anu jejerna kadaharan. Anu ditalungtikna 20 rumpaka kawih anu jejerna kadaharan, sarta data hasil ieu panalungtikan baris jadi bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII.

Dina nalungtik rumpaka kawih diwatesanan ku ulikan semiotik dumasar Charles Sander Peirce (dina Sukyadi, 2011 kc. 25), nu ngawengku tanda téh aya tilu jenis nyaéta:

- a. Ikon, tanda anu miboga hubungan anu sipatna alamiah antara pananda jeung petandana.
- b. Indeks, hubungan kausal di antara *representament* (petanda) jeung obyékna.
- c. Simbol, hubungan antara penanda jeung petanda dina sipatna anu arbitrér.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- a. Kumaha papasingan kawih Sunda anu jejerna kadaharan dumasar kana eusi rumpakana?
- b. Kumaha struktur puisi rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan?
- c. Unsur semiotik naon baé anu nyampak dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan?
- d. Kumaha rarancang bahan pangajaran aprésiasi sastra dina matéri kawih di SMP kelas VIII tina hasil ieu panalungtikan?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anu dipedar saperti ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun karya sastra, hususna rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan dumasar kana analisis struktur jeung unsur semiotikna sarta kumaha bahan pangajaran aprésiasi sastra pikeun matéri kawih di SMP kelas VIII.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskrripsikeun papasingan kawih Sunda anu jejerna kadaharan dumasar kana eusi rumpakana.
- b. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskrripsikeun struktur puisi anu aya dina rumpaka kawih Sunda kadaharan anu ngawengku, imaji, simbol, musikalitas, suasana, téma jeung gaya basa.
- c. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskrripsikeun unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) anu nypak dina rumpaka kawih kadaharan Sunda.
- d. Ngarancang bahan pangajaran matéri kawih anu luyu pikeun siswa SMP kelas VIII.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan, hususna ngeunaan strukturalisme, semiotik, jeung nambahan pangaweruh ngeunaan bahan pangajaran. Bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh guru dina nyiapkeun bahan ajar di sakola, sarta bisa ngaronjatkeun minat siswa pikeun leuwih resep diajar basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat pikeun nu Nyekel Kawijakan

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep aya parobahan kawijakan di widang pangajaran aprésiasi sastra Sunda, sangkan siswa mikawanoh leuwih euyeub ngeunaan budaya Sunda ku cara diwanohkeun dina pangajaran di sakola. Ieu panalungtikan Ogé bisa jadi bahan tinimbangan pikeun milih bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola.

### **1.4.3 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung aprésiasi kana sastra Sunda, hususna sastra Sunda wangun kawih.

### **1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Pikeun mahasiswa Program studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun ngayakeun panalungtikan saterusna.

Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi tur ngeuyeuban bahan pangajaran anu saluyu jeung pangajaran di sakola sarta luyu jeung pamedih kurikulum.

Pikeun siswa, bisa dijadikeun salasihiji sumber diajar tur méré pangaweruh nu leuwih ngeunaan pangajaran kawih;

Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh sarta mikanyaho leuwih loba ngeunaan struktur jeung semiotik dina rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan, papasingan dumasar rumpakana, sarta bisa ngarancang bahan pangajaran anu luyu jeung matéri kawih di SMP

Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan bisa jadi alat pikeun méré nyaho nu leuwih ngeunaan eusi salasihiji karya sastra Sunda, nya éta rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu tésis téh disusun dina karya tulis nu ngawengku lima bab. Anapon sistematikana bisa katitén ieu di handap.

### **BAB I BUBUKA**

Ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat anu hayang kahontal ku ayana ieu panalungtikan, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

## BAB II ULIKAN PUSTAKA

Ieu bab eusina ngeunaan sajumlahing téori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis rumpaka kawih anu jejerna kadaharan. Éta téori sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan. Anu dipedar dina ieu bab di antarana ngawengku téori kawih, rumpaka, analisis struktural, semiotik, jeung bahan pangajaran.

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab eusina ngeunaan métode panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

## BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu aya patalina jeung rumusan masalah sarta kajian pustaka dina Bab II. Sarta bakal dipedar data naon waé anu kapanggih salila analisis jeung déskripsi struktural semiotik rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan, sarta papasingan dumasar rumpakana. Anu satuluyna ngabahas perkara bahan pangajaran.

## BAB V PANUTUP

Dina ieu bab eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina sakabéh pedaran jeung saran-saran anu patali jeung hasil panalungtikan.